# Қубла арал бойы дельтасындағы қарақалпақлар: хожалығы ҳәм мәденияты (XIX әсирдиң ақыры – XX әсирдиң басы)

**т.и.к. А. Сарыбаев, О. Юсупов, А. Самуратов**
Әжинияз атындағы НМПИ, Нөкис қаласы

Арал диярындағы титул этнос – қарақалпақлардың бай тарийхы хожалығы хәм мәденияты илимий этнографиясының аспектин изертлеўлер Россия Илимлер Академиясы ҳәм Империяның Рус география жәмийети тәрепинен шөлкемлестирилген ҳәр қыйлы экспедициялар ағзалары хызметинде әмелге асырылады.

XIX әсирдиң 70-жыллары Орта Азия үш ханлығы ең соңғысы Хорезм (Хийўа) ханлығын Патша Россиясы жаўлап алды. Сол тарийый ўақыяға «Хийўаға әскерий атланыс» (1873-жыл) шет еллик журналистлер, Россиялы алым-қәнийгелер қатнасты. Олардың «жол картасы» саяхатлар тийкарында жазылған мақала ҳәм китапларында Әмиўдәрья бойы қарақалпақларды өзлеринше бахалап пикирлер өтти.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында Арал теңизи, Қубла Арал бойы Әмиўдәрья дельтасында бир неше илимий экспедициялар: тәбияттаныў, тарийхый, этностатистикалық, топографиялық, астрономиялық, геологиялық, гидрографиялық, экологиялық, гидрометриялық, биологиялық, медициналық ҳәм тағы басқада тараўлар бойынша бир неше изертлеўлер болған еди. Олар Арал диярындағы қарақалпақлар мийнеткеш, тыныш, балықшы, шарўа, кәмбағал, энергиясы азайған, өтмиши қызық, сырлы халық деп баха берди. Европа, Америка, Россия саяхатшы-журналистлер қарақалпақларды дүнья илимий ҳәм жәмийетлик орталыққа таратты.

XIX әсирдиң 70-жыллары Қубла Арал Әмиўдәрья дельтасында биринши мәртебе империя рус география жәмийетиниң экспедициясы болып өтти. Әмиўдәрья экспедициясы баслығыс әскерий географ-этнографполковник Н.Г.Столетов болған, олар Әмиўдәрья дельтасында әскерий топографиялық планлар алды. Этнослардың этнографиялық жайласыўын аныңлады, этнослардың антропологиясын бақлады, оларға тийисли руў-қәўимлердиң шығысы, ата-теги хожалық мәденияты, материаллық мәденияты, этнофольклорын (әпсаналар, музыкалар) изертледи [1: 37].

Журналист Н.М.Богданов Әмиўдәрья бойындағы қарақалпақлардың балықшылық кәсибин изертледи. Шығысты изертлеўши А.П.Кун этнотарийхый ҳәм этномәдений естеликлерди үйренди. Ол Қоңырат, Шымбай, Хожели, Нөкис қала, Кят қала ҳәм Әмиўдәрья дельтасындағы Қуўаныш жарма, Кегейли, Қара кемир, Тарлы арналардың пайда болыўы хаққындағы әпсаналарды жазып алды. Н.Н.Зубов Әмиўдәрья дельтасындағы көл ҳәм арналар: Шортанбай, Тиллабай Ийшан жыққан, Даўқара көли, Жаңадәрья, Көк өзектиң экологиясын үйренди. Зоолог Н.А.Северцов Қуўаныш жарма бойындағы ярым көшпелилердиң саўда, базар қаласы болған: «Қылышқала», «Мехтарқала»ны, Қызылқумдағы минәрларды, флорасы ҳәм фаунасы, Арал атаўларының экологиялық себеплерин аныңлады. Художник ҳәм жазыўшы Н.Н.Каразин Әмиўдәрья бойындағы қарақалпақ аўыллары, кеме тартқан салдаўшы (бурлаки) сүўретин, «Хожелини Әмиўдәрья бойындағы Венеция», – деп сүўретин салған (Нива №6, Спб. 1886). Ол Нөкис ҳәм Шымбайда этнографиялық дереклер жыйнады [2].

1873 жылы жазда «Хийўа атланысы»на қатнасқан “Hugo Stumm”, “Aus Chiva” атамадағы жол дәптеринде Әмиўдәрья алабында рус әскерлери генералы Ломакин басшылығында отряды Үстирт, Қоңырат, Хожелиге – «генштаб» келгенлигин жазды. Ол Үстирт кеңислигинде Аланқала, Қарақудық, Айбуйыр, Қоңыратта болғанын қарақалпақ ҳәм қазақ руў-қәўимлерин көргенлигин жазды [3: 59].

Hugo Stumm әскерий саяхатлары «жол картасы»нда Арал бойындағы тарийхый, мәдений естеликлер-географиялық объектлер орны көрсетилген. Ақ тумсық, Үргеқала, Тоқмақ-ата, Жаңақала, Алан, Талдық, Қоңырат, Хожели ҳәм т.б. Хожели қаланың топографиясы, әскерий штаб жайласыўын картаға алған. «Хийўаны жаўлап алыў» китабында Әмиўдәрья бойы халықлары турмысы тәрийпленген.

1873 жылы жазда «Хийўа атланысына» қатнасқан By David Ker “On the road to Khiva” атамадағы әскерий жол дәптеринде рус әскерлериниң Қубла Арал бойы Әмиўдәрья бойлап әскерий жүрисин жазды. Ол “Daily Telegraph” газетасының арнаўлы корреспонденти болып, Патша Россиясының Хийўаға атланысы «тынышлық» жол менен болғанын Уллы Британия халқына, жәмийетшиликке хабарлаўға келген еди. Ол Оренбург-Үстирт-Қоңырат-Хожели қаласына шекем келди. Ол “New-York-Herald” корреспонденти Mac Cahanды көрген [4: 152].

Қубла Арал бойы Әмиўдәрья дельтасындағы қарақалпақлар қалалары, мәкан жайларында болған, халықтың социаллық ҳәм мәдений турмысы менен танысқан рус художниги ҳәм жазыўшысы Н.Н.Каразин болды. Ол «В низовьях Амударьи» атамасындағы жол картасы саяхатлардан пайда болған

кеўил-туйғы, кеширмелерин «Вестник Европы» атамасындағы тарийхый, сиясый, әдебий журналда жәриялады, Әмиўдәрья бойында адамлар жоқ, көринбейтуғын шыбын-ширкей (комары и мошек) қаплаған, «Өли патшалық дүньяға» келгендей болдым – деп жазды. Ол балықшы қарақалпақларды көрген. Ол Шымбай қаласында, базарында болған. Ол қарақалпақлар ярым отырықшы екенлигин жазды, шарўалар менен жайлаўды көшип қоныслайды, гүз-қысы Шымбай қаласында қыслайды, – деп жазды, «Кегейли арна» сын Шымбай халқының «өмир артериясы», - деп баҳалады. Кегейли арнада қайыкларды суўда тартып жүриўши – салдаўшылардың аўыр мийнети сүўретин салды. Художник Н.Н.Каразин Әмиўдәрья бойында «Шылпық» төбе, «Хожаниязбий медресеси» (Тас медресе), «Шайх Жалил бабамазарын» көрген еди.

Қубла Арал бойында Шығыс тарийхшысы А.А.Кун бир неше күн Хожелиде болған. Хожели ҳәкими Муртаза хожа – саўатлы, көрген киси менен ел-журт аралаған, тарийхый гүрриң, шежире жазып алған. Ол қарақалпақларды еки арысқа, алты бөлимге: қоңыратлы он төрт руў, шүллик-қарақалпақ, жаўынғар-қарақалпақ, манғыт-кенегес, қытай-қыпшақ қәўимлерине бөлинетуғынлығын жазды. Ол Қоңырат қаласының пайда болыўы, тарийхый тулғалары, муқаддес қәдем жайлары ҳәм зыярат орны Ҳәким-ата мазарын жазды. Ол Қоңырат қала, Манғытқала, Қыпшаққала, Хожелидеги мешитлер, баққал-дүканлар, базар күнлерди хатлап жазды. Арал бойының руўхый мийраслары: дәстан, шежире, қосықлар, музыкалық мийрасларында еслетти.

1874-жылы Қубла Арал бойында «Әмиўдәрья экспедициясында» басшылық еткен әскерий географ Л.Соболев «Русский инвалид» газетасына дүркин-дүркин хатлар, мақалалар жазды. Әмиўдәрья бойындағы қарақалпақлар хаққында мағлыўматлар жәриялады. «Ақ-қала» қорған қаласын жазды [5].

- Ақ-қала Бердақтың туўылған ўатаны. (Әмиўдәрья №5, 1987)
- Ақ-қала балықшылардың қыслаў мәканы.
- Ақ-қала Арал ўәлаяты ҳүкимдарының пайтахт қаласы болған.

Л.Соболевтың баслаўында «Русский инвалид» бир неше отаўлар (қараүйлер) жайласқан, сол жерде арба-көлик бар, олар балықшылық хожалық ислери менен шуғылланады. Қаракалпақлар менен қазақлар да балықшылық қәсибине қызығады [6].

Этнограф-географ Л.Соболевтың «Русский инвалид» газетасына жазған хат-мақаласында: Қарақалпақлардың келбети, түр-түси қазақ, өзбек, түркменлерден айырылып турады, Карақалпақлардың бас кийими – малақай, шөгирме, қураш, дүгелей-қой-жылқылар терисинен тигиледи. Карақалпақлар Әмиўдәрья алабына қашан, қай жерден көшип келген – деген сораўды дилмашлар арқалы кексе кисилерден сораған. Шымбайда үш молла-қазы келип олар Сырдәрья бойларынан ата-бабалары келгенлигин айтқан. Шымбай қаласының орнында бурын «Шах темир» қала болған – деп түсиник берген. Л.Соболев, И.Александров ҳәм еки атлы ураллы-казах Шымбайдан Дәўқара жолы бойындағы Кыпшақ Ережепбий Аға бабаның ҳәўлисине барған. Ережепбий қаласы қорған диййўаллар болып, ишкерисине ақ отаў қурылған Ережепбий жетпис жастан өткен кексе киси, бир көзи жабық, аўырыў ҳалда екен. Ол орыс мийманларға қой сойып беретуғынлығын айтқан. Этнограф-географ Л.Соболевтың «Русский инвалид» газетасында жети хат-мақаласы жәрияланған. 1874-1875-жыллары Арал бойы Әмиўдәрья алабындағы халықлардың бай өтмиши, тарийхы, мәденияты, социаллық турмысы туўралы «Түркестанские ведомости» ҳәм «Түркистан ўәлаяты» ҳәр қыйлы мақалалар жәрияланды.

1874-жылы 3 декабрьде полковник А.В.Каульбарс Әмиўдәрья бойлап жүрген, изертлеген, тапқан дереклерин үзинди жәриялады. Ол Шымбай базарында болған. Бул жерде 150 үй-ҳәўлини барып көрген. Карақалпақлардың көпшилиги қара-үйлерде (отаўда) жасайды, үй-там, ярым жертөле аз – деп көрсетти. Шымбай қаласында бир медресе, алты мешит бар екен. Карақалпақлардың руў-қәуими: он төрт руў ҳәм қоңырат арыс болып бөлинетуғынлыгын көрсетти.

1874-жылы Шымбайда Персиялы принц (мийрасхор) Риза Кули Мырза болған. Ол Карақалпақлардың он төрт руў ҳәм қоңырат арыс болып бөлинетуғынлығын көрсетти. Ол бас кийими, тили, музыкасы, легендалары, қоңысласыў тарийхы бойынша дереклер жыйнаған еди. Риза Кули Мырза Шымбайда китап дүканында Ғафуз, Наўайы, Мухтасар, Аль-Коран сатып алғанлығын жазған. Ол карақалпақлардың материаллық мәденияты: кийимлери, аўқаты, өнерментшилиги, дийханшылық ислери, саўда ислери, хожалық ислерин бақлап жазған. Солай етип Патша Россиясы «колониялық» дәўиринде Европа хәм Россия изертлеўшилери Арал бойын, еркин келип, халық ишине араласып, тарийхый, географиялық, этнографиялық изертлеўлер өткерип, дереклер жыйнады.

1882-жылы Арал бойы Әмиўдәрья алабына Уллы Британиялы саяхатшы Henry Lansgell келди. Ол «Russian Central Asia in cluding Kuldja, Bukhara, Khiva and Mery» атамасындағы саяхатнама мийнетинде Арал бойы саяхат дельтасындағы қарақалпақлардың руў-қәўимлерин, қарақалпақлар мәденияты,

өтмиши туўралы, социаллық яднама, аўызеки тарийх жазып алған. Әмиўдәрья алабында тарийхый, мәдений, орынлар: Шайх Абаз Ўәлий, Шайх Жалил баба; дельтаның тармақлары Қуўаныш жарма, Янгису, Үлкендәрья, Гөнедәрья, Таллықдәрья туўралы еситкенлерин жазды [7: 242].

1873-жылы географ-саяхатшы Элизе Реклю «Азиатская Россия и Среднеазиатские ханства» атамадағы мийнетинде: Арал бойы қарақалпақларын былай баҳалады:

«По всей вероятности, через несколько поколений, этот малочисленный, лишенный энергии, народец не будет уже иметь независимого существования в Түркестане» - деп жазады [8: 327]. «Көзи ашық» болжағыш Элизаның қарақалпақларды – энергиясынан айырылған, келешеги жоқ ел, - деп «көрегенлик» пикири Ғәрезсизлик шарапаты менен, халқымыз Абат, Азат, Еркин, ғәрезсиз ел-журт болыўға еристи. Оның айтқаны қағазда қалды?! Ол Арал диярында бир неше археофактлер, естеликлерди көрген, тарийхый гөне қалалар үстинен өткен, сонлықтан айтқан сөзине гуманланбаған еди?! Бүгинги күни Арал бойы дияры, Арал экомәденияты жәҳән туристлери нәзеринде болмақта.

1888 әскерий географ полковник А.В.Каульбарс «Әмиўдәрья дельтасындағы атлас-чертежлары» Россия «генштаб» маркасында қупыя шығарылды [9]. Бул атласта Әмиўдәрья бойы қарақалпақларының қорған қалалары, ески мазар-қәбиристаны, зиярат орынлары, қарақалпақ руў-қәўимлериниң этнографиялық жайласыўы белгиленген. Атласти Шах Аббас, Хожели, Ақ-қала, Шымбай, Қоңырат қалалары чертеж-планы орын алған. Арқа диярда Молла Пирим қаласы, Азберген қаласы, Қулманбий қаласы, Тас булақ қорғаны, Есенбий қаласының орны көрсетилген. Бул тарийхый орынлардың еле этноархеологиялық кестеси изертленбей атыр.

«Полковник А.В.Каульбарстың «В низовьях Амударьи» [10: 510] мийнетинде Әмиўдәрья бойы қарақалпақлары хожалығы, этногеографиялық жайласыўы, жаңа суў, Қуўаныш жарма, Даўқаракөл, Кегейли ҳ.т.б. арналар, экологиялық орынлар ҳаққында қунлы мағлыўматлар берилген. Ол Кейгейли арна бойында – он төрт руўлардың жайласыўын көрсетти. Қайшылы, Бес сары, Бексейт, Анна, Айтеке, Шериўши, Майлыбалта, Саңмурынлар Кегейли-нәўпир жағасында жайласқан» - деп көрсетиледи.

Әскерий географ полковник А.В.Каульбарс Әмиўдәрья бойында «Развалины крепостей и укрепления қарақалпақов» атамасындағы шығармада 64 орында тарийхый естеликлер бар екенлигин анықлады. Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде «развалины зимовки» атамада 22 орында қыслаў мәканы бар екенлигин жазды. Сол жерлердеги материаллық мәдениятлар елеге шекем анықланбай атыр.

XX әсирдиң басында империяның рус география жәмийети тәрепинен әскерий географи В.Мушкетов «Түркестан» атамасында үлкен мийнет шығарды. Бул китапта Арал теңизиниң тарийхы, Арал диярына келген изертлеўшилер, Арал бойы қарақалпақлар хожалығы, мәденияты ҳәр тәреплеме жазылған [11: 430].

Арал бойына XVIII-XIX әсирлерде Россия империясынан бир неше саяхатшылары, елшилери, илимпазлары келгенлиги көрсетилген. Олардан Ф.Ф.Мейендорф, Еверманн, Евграф Кайдаков, фонъ Гуньбольд, Бутенов, Ханыков, Базинер, Данилевский, Бутаков, Н.Северцев, Г.Борьцов. Lerch, Каульбарс, Берг, Гельман, Глуховский, Щальц, Каразин, Гродеков, Рябикин, Никитин ҳ.т.б. жүхлеген географлар арқа регионда болған, баҳалы дереклер қалдырған еди. Солардың алым-саяхатшылардың мийнетлерин үйрениў, тарийхтаныў ҳәм деректаныў пәнинде келешектеги ўазыйпа болып қалды.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Обзор русских путешествии и экспедиции в Среднюю Азию. Часть 3, 1869-1880 гг. – Т., 1962
2. Н.Н.Каразин. В низовьях Амударьи. - Спб. 1875 г.
3. “Aus Chiva”. Berichte Von Hugo Stumm. - Berlin, 1873. S.Karten
4. “On the road to Khiva” by David Kek - London 1874
5. Русский инвалид. - Спб. 1874 . № 213
6. Русский инвалид. - Спб. 1874. № 216
7. «Russian Central Asia in cluding Kuldja, Bukhara, Khiva and Mery». - London.1885
8. Земля и люди. - Спб. 1883
9. Атлас промеров в низовьях Амударьи генштаба полковника А.В.Каульбарса. - Спб. 1888. часть 1-12.
10. В низовьях Амударьи, описания по собственным исследованиям генштаба, полковника А.В.Каульбарсом. - Спб. 1881
11. И.В.Мушкетов. «Түркестан». - Петроград. 1915